

fatty acid	asid gra	Yon asid kaboksilik chenn long ki gen anjeneral 12 ak 24 atòm kabonik epi ki ka satire (san lyezon doub) oswa ensatire (youn oswa plizyè lyezon doub).
fault	fay	Frakti oswa sistèm frakti nan kwout tè a ki fòme lè estrès la aplike twò vit oswa lè estrès la twò gran; li ka fòme akòz konpresyon orizontal (fay envès), sizayman orizontal (fay dekwochant), oswa tansyon orizontal (fay nòmàl).
feather	plim	kay lejè varye ki sou zwazo sèlman; li pwokire izolasyon epi li pèmèt zwazo yo vole.
fermentation	fèmantasyon	Pwosesis kote glikoz la dekonpoze annabsans oksijèn pou pwodui swa etanòl, dyoksid kabòn ak enèji (fèmantasyon alkolik) oswa asid laktik ak enèji (fèmantasyon asid laktik).
ferromagnetism	fewomayetis	Atraksyon puisan yon sibstans nan yon chan mayetik.
fertilization	fètilizasyon	fizyon gamèt mal ak femèl.
fetus	fetis	devlopman yon mamifè depi nèf (9) semenn jouk li fèt.
filtration	filtrasyon	Yon teknik ki itilize yon baryè paswa pou separe yon solid nan yon likid.
fins	najwa	nan pwason, se manbràn an fòm evantay ki itilize pou ekilib, natasyon ak direksyon.
first law of thermodynamics	premye lwa tèmodinamik	Lwa ki endike chanjman nan enèji tèmik yon objè egal a chalè ki ajoute sou objèa, mwens travay objè a fè.
fission	fisyon	Pwosesis kote nwayo atomik lou separe an nwayo ki pi piti ak pi lejè.
flagella	flajèl	pwojeksyon long ki konpoze avèk mikwotibil; yo jwenn yo sou kèk sifas selil; yo pèmèt selil ak òganis yo deplase avèk yon mouvman tankou mous.
floodplain	plenn inondab	Zòn ki laj, plat ak fèt ki pwolonje sou riv yon wiso epi ki kouvri ak dlo lè gen inondasyon.
fluids	fliyid	Sibstans (likid oswa gaz) ki koule epi ki pa gen yon fòm definitif.
focus	sant	Pwen fay inisyal kote yon tranblemanntè fòme; anjeneral tranblemanntè a fòme omwen a plizyè kilomèt anba sifas tè a.
follicle	folikil	nan femèl imen, se gwoup selil epitelyal ki antoure yon selil ze k ap devlope.

food chain	chenn alimentè	modèl senp ki montre kouman matyè ak enèji ap deplase atravè yon ekosistèm.
force	fòs	Yon pouse oswa redi ki egzèse sou yon objè ki lakòz yon chanjman an mouvman; li gen direksyon ak mayitid epi li ka yon kontak oswa yon fòs chan.
fossil	fosil	Rès oswa prèv ki endike yon plant oswa yon zannimo t ap viv lontan.
fossil fuel	kobistib fosil	Sous enèji non-renouvlab ki fòme nan tan jeyolojik ant konpresyon ak dekonpozisyon pasyèl òganis ki t ap viv depi anpil milyon ane.
fracture	frakti	Pwopriyete yon mineral pou li kase an mòso ki gen bò tankou ak, ki poli oswa ki pa dwat.
freezing point	pwen konjelasyon	Tanperati ki nesèsè pou yon likid konvèti an solid kristalen.
frequency	frekans	Kantite onn ki pase nan yon pwen pa segonn.
front	fwon	Limit ant de (2) mas lè ki gen dansite diferan; yo ka frèt, cho, estasyonè oswa okli epi yo ka gaye sou gwo zòn sifas tè a.
fruit	fwi	ovè mi ki gen grenn nan yon flè antofit; li ka gen chè oswa li ka sèk. may be fleshy or dry.
fuel	konbistib	Sibstans, tankou bwa, toub oswa chabon ki boule pou bay enèji oswa chalè.
fuel cell	selil konbistib	Yon selil vòltayik kote oksidasyon yon konbistib, tankou gaz idwojèn, itilize pou pwodui enèji elektrik.
fungus	chanpiyon	gwoup ekaryòt etewotwòf iniselilè oswa miltiselilè ki pa deplase ant yon kote ak yon lòt; li absòbe eleman nitritif nan sibstans òganik ki nan anviwònman an.
fuse	fizik	Yon pyès metal kout ki aji kòm dispozitif sekirite nan yon sikui elektrik lè li diminye oswa anpeche yon kouran sikile si yon kouran twò pisan pase atravè sikui a.
fusion	fizyon	Pwosesis nan nwayo yon etwal kote nwayo lejè idwojèn nan konbine nan nwayo pi lou elyòm.